

Chè fanmi,

Madi 5 novanm se Jou Eleksyon nan Vil Nouyòk. Tout moun ki anrejistre pou vote nan Vil Nouyòk elijib pou patisipe.

Nou vle ankouraje tout fanmi ak elèv ki gen laj pou vote ki elijib, pou ale nan biwo vòt yo. Lè oumenm ou vote, ou montre pitit ou ke moun Nouyòk kapab fòme avni Vil nou an, eta nou an ak nasyon nou an dirèkteman.

Anplis, pou premye nan listwa, Nouyòkè gen opsyon pou yo vote avan jou a. Apati Samdi 26 oktòb, pou rive Dimanch 3 novanm, moun ap kapab vote nan lokal biwo vòt kote yo mete pou yo vote avan jou vòt la. Pou jwenn lokal biwo vòt kote yo mete pou vote avan jou vòt la ak biwo pou vote nan Jou Eleksyon an, tanpri ale sou sitwèb voting.nyc.

Si w anrejistre, tanpri fè plan pou al vote. Lokal vòt yo ap ouvri atravè tout Vil la depi 6:00 a.m. rive 9:00 p.m. jou 5 novanm lan, oswa pandan peryòd ou kla vote bonè a, 26 oktòb rive 3 novanm 2019 (tcheke voting.nyc pou konnen a ki lè ou ka vote avan jou vòt, piske yo varye selon jou a).

Ou ka jwenn yon gid pou vote tou ak enfòmasyon sou kisa ki nan bilten vòt la nan voting.nyc.

N ap tann pou wè w nan biwo vòt yo.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye